**Ilimiy dógerekler**

2024-2025-oqıw jılında "Gigiena hám qorshaǵan ortalıq, epidemiologiya" kafedrasında kafedrada oqıtılatuǵın tiykarǵı pánler boyınsha 5 studentler ilimiy dógeregi shólkemlestirilip, dógereklerde 75 student qatnaspaqta. Balalar hám jas óspirimler gigienası páni boyınsha "Jas gigienist," Awqatlanıw gigienası páni boyınsha "Nutricolog," Miynet gigienası páni boyınsha "Eksperiment," Kommunal gigiena páni boyınsha "Erudit" hám Epidemiologiya páni boyınsha "Epidemiolog" Bul dógereklerden 16 qábiletli studentler tańlap alınıp, olar dógerek jumıslarınan tısqarı jıl dawamında ilimiy izleniw hám ilimiy-izertlew jumıslarınıń tiykarları menen tanısıp bardı. Ziyrek talabalar menen islesiw boyınsha juwapker, kafedra assistenti Koyanbaeva S.X. reje tiykarında jıl dawamında olar menen is alıp bardı. Oqıw jılı basında kafedra baslıǵı, t.i.d. Absattarova V.K. hám kafedra professori, t.i.d. Madreimov A.M. seminarlar ótkerip, studentlerdi ilimiy tezis hám maqalalar jazıw jáne internet tarmaǵındaǵı ádebiyatlar menen islew qaǵıydaları menen tanıstırdı. Kafedranıń talantlı studentleri jıl dawamında úlken jetiskenliklerge eristi.




2024-jıl 18-noyabr kúni Qaraqalpaqstan medicina institutında bolıp ótken Xalıqaralıq simpoziumda "Erudit" dógereginiń aǵzası, 304-topar studenti Keunimjaeva Tolǵanay "Aral mashqalasınıń xalıq salamatlıǵına tásiri" atamasındaǵı bayanatı ushın sertifikat penen sıylıqlandı.




"Jas gigiyenist" dógereginiń aǵzası "Medicinalıq profilaktika" baǵdarınıń 4-basqısh studenti Qodirov Abdullo 26-noyabr kúni Tashkentte medicina joqarı oqıw orınları studentleri arasında ótkerilgen IV Xalıqaralıq "Medicina virtuozları" olimpiadasında qatnasıp, ekinshi orındı ieledi; Sonday-aq, usı olimpiadada kafedranıń qábiletli studentleri: Mambetjumaeva A. 520-topar studenti, Yuldasheva N. 427-topar studenti, Baxadırov J. 314-topar studenti.



Xalıqaralıq olimpiadanıń onlayn-versiyasında "Jas gigiyenist" dógereginiń qatnasıwshısı, 426-topar studenti Sotvoldiyev Abdullo birinshi, "Eksperiment" dógereginiń qatnasıwshısı, 309-topar studenti Boyqóziyeva M. ekinshi orındı iyeledi.




2025-jıl 24-aprel kúni Tashkent medicina akademiyasında bolıp ótken xalıqaralıq konferenciyada "Epidemiolog" dógeregi qatnasıwshısı, "Medicinalıq profilaktika" baǵdarı 5-basqısh studenti Abitov Nurlibek "2020-2024-jıllarda Qaraqalpaqstan Respublikasında qızılsha keselliginiń tarqalıwı" atamasındaǵı bayanatı menen 3-orındı ieledi;

"Pediatriya isi" baǵdarı 3-kurs studenti Qalibaeva G. "Eń jaqsı debyut" nominaciyasına miyasar boldı.



Tashkent medicina akademiyası Úrgensh filialında 2025-jıl 25-26-aprel kúnleri bolıp ótken "Úrgensh-2030" II xalıqaralıq pán olimpiadasında "Jas gigiyenist" dógereginiń aǵzası Qodirov Abdullo 3-orındı iyeledi.